



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISAB NAN
LAPOLIS ETA NEW YORK LA ENSTWIKSYON POU YO EDE NAN KAD
ANKÈT YO AP FÈ SOU ATAK ANTI-SEMIT YO NAN WILLIAMSBURG**

"Mwen santi mwen konstène epi degoute pa atak aparant sou yon mesye Jwif ki te mete rad relijye nan Williamsburg. Zak abonimad vyolans ki alimante pa layèn sa a pwofondeman twoublan, espesyalman apre yon ogmantasyon yo te rapòte sou krim rayisab ak ensidan anti-Semit yo pandan ane ki sot pase a.

Nan New York, nou gen yon politik zewo tolerans kont zak meprizab anti-Semit sa yo. Krim tankou sa yo pa sèlman pa bon - yo ilegal tou. Mwen te pase Fòs Entèvansyon Kont Krim Rayisab nan Lapolis Eta New York la (New York State Police Hate Crimes Task Force) enstwiksyon pou yo bay NYPD nenpòt resous ke yo bezwen pou ede nan ankèt la pou asire ke sila ki responsab yo pral sibi konsekans legal nan tout anplè lalwa pèmèt.

Mwen pral toujou kanpe bò kote kominote Jwif lan kont anti-Semit sou tout fòm li yo. Pa gen kote pou layèn nan Eta nou an, epi nou dwe kontinye rete kanpe ini kont kansè divizyon ak layèn lan ki ap gaye atravè nasyon nou an."

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)